

Your Logo

Your Legal Services Program Name

KEKSYON YO MANDE ANPIL – BENEFIS POU KATASTWOF (FEMA)

1. **Ki kalite benefis FEMA bay?**

Ajans Federal ki asiste nan ka ijans (FEMA) se yon oganizasyon ki rasanble ansanm benefis eta-a epi tou ak benefis gouvènman federal pou moun ki viktim nan katastwof. Se FEMA ki deside tou ki moun ki kalifye pou pwogram ki gen pou yon moun osinon tout yon fanmi (IHP). IHP gen 2 pati: Asistans pou kay epi tou Asistans Finansye pou lòt bezwen.

2. **Konbe kòb FEMA kapab ba ou?**

Ou pa ka jwenn plis pase 25,000 dola nan pwogram IHP a, ladan genyen tou Asistans pou kay lè gen ijans epi tou “Asistans finansye pou ede kouvri lòt bezwen.” Gen anpil moun ki jwenn pi piti tou. Pou ou kapab aplike, rele FEMA nan [insert telephone no.] (moun ki pa tande osinon ki pa kapab pale byen. [insert TDY no.]).

3. **Eske se pou mwen yon sitwayen meriken pou’ m jwenn benefis FEMA?**

Non. Ou pa bezwen sitwayen meriken pou ou aplike pou benefis FEMA. Si ou se imigran ki ponkò sitwayen meriken ou kapab kalifye si ou gen grenn kat, si ou gen estati refije, osinon si ou gen azil, osinon si ou te lage sou pawòl pou yon ane, si ou te antre nan pwogram Kiben-Aysien, si yo te kanpe depòtasyon osinon si ou se yon viktim violans domestik. Si ou kalifye, ou kapab aplike pou fanmi ou menm si tout manm fanmi lan pa kalifye.

4. **Kimoun ki kalifye pou Asistans Kay lè gen Dezas (DHA)?**

Ou kalifye si se dezaz la ki lakòz ou pa ka viv nan kay ou te rete-a. Si ou gen asirans ou bezwen moutre tout efò ou fè pou ou jwenn benefis asirans la menm lè sa pat mache. Fòk ou dakò pou ou peye FEMA si ou vini jwenn benefis asirans ou pita.

5. **Ki kalite Asistans mwen kapab jwenn pou Kay?**

Asistans pou kay nan ka dezaz se yon chèk ki kouvri 3 mwa lwaye. Si kay la se pou ou, ou kapab jwenn lajan tou pou ou repare domaj asirans pa kouvri, men tou fòk reparasyon sa yo pa koute pi plis pase 5,000 dola. Si ou pa kabap jwenn yon kay pou ou lwe, FEMA kapab ba ou yon kay mobil.

6. **Kimoun ki kalifye pou “Asistans Finansye pou ede yo ak lòt bezwen”?**

“Asistans Finansye pou ede ak lòt bezwen” se pou moun ki gen depans nesèsè ak lòt bezwen serye ki pa kouvri pa okenn lòt mwayen, asirans osinon si moun sa yo pa ka jwenn lajan prete. Si FEMA deside ou kapab kalifye pou yo prete ou lajan, wap blije aplike pou pou sa. Men, si yo refize ou, se lè sa-a ou kapab jwenn “Asistans Finansye pou Lòt Bezwen.”

7. **Ki kalite èd mwen kapab jwenn nan pwogram pou “Lòt Bezwen”?**

“Asistans Finansye pou Lòt Bezwen” se youn chèk ki kouvri depans nesèsè osinon bezwen serye pou:

- A. Depans medikal ak pou dan dezas la lakòz
- B. Depans pou entere moun dezas la touye
- C. Repare osinon ranplase bagay pèsoneel ki domaje osinon detwi nan dezas la
- D. Repare osinon ranplase yon machinn ki te domaje osinon kraze nan dezas la, osinon peye pou transpòtasyon piblik
- E. Lòt depans tankou brote pou mete nan estoraj, osinon lajan pou kouvri yon plan asirans pou delij

8. Eske benefis IHP kapab anpeche'm kalifye pou SSI, TANF, Medicaid, osinon Food Stamps?

Non. Pwogram benefis pou yon moun osinon pou tout yon fanmi pa kab sèvi tankou revni pou yo decide si yon moun kalifye pou lòt pwogram gouvènman federal sipòte.

9. Si mwen dwe lajan, eske moun mwen dwe kapab sezi benefis IHP mwen?

Non. Lwa federal pwoteje benefis IHP. Yo pa kabab ni sezi yo pou okenn rezon, kelkeswa rezon-an. Yo pakab decide pou transfere osinon voye li bay yon lòt moun.

10. Kimoun ki kalifye pou jwenn lajan prete pou ouvri Yon ti Biznis nan ka dezas?

SBA prete moun ak biznis ki te frape pa yon dezas lajan. Pou ou kapab kalifye pou prete lajan ak yon ti interè tou piti, ou bezwen moutre kay ou, osinon byen pèsoneel ou osinon biznis ou te domaje nan dezas la, epi tou ou gen posiblite pou ou peye lajan sa-a.

Lòt Bagay Inpòtan Ou Bezwen Konnen:

- **APLIKE LAPOULA! FEMA bay yon dèlè 60 jou pou aplikasyon lè gen dezas, poutèt sa yon moun nan fanmi ou dwe aplike nan 60 jou sa yo apre dezas la**
- **(Se sèlman si yo pwolonje dèlè sa-a ou kapab pran plis tan pou ou aplike)!**
- **OU BEZWEN ASIRE OU OU GEN YON KOPI APLIKASYON-AN. FEMA ta dwe voye yon kopi aplikasyon-an ba ou lè ou fin'n rele pou ou aplike. Si ou pa resevwa yon kopi, PA APLIKE ANKÒ! Tanpri kontakte FEMA osinon Biwo nou.**
- **SE SELMAN YON MOUN NAN FANMI OU KI KAPAB APLIKE! Se pou yon fanmi yo bay benefis FEMA, men se pa yon sèl moun. Si plizye moun kap viv nan menm kay aplike pou benefis, FEMA ap chache fè moun ki te aplike andènye-a remèt lajan.**

Si ou gen lòt keksyon, tanpri kontakte biwo nou ki pi pre ou pou ou kapab jwenn infòmasyon.

Your Legal Services Office Contact Information